



Ann Selebre Mwa Patisipasyon Paran ak Fanmi nan Lekòl



Pwomès Angajman Paran ak Fanmi

Antanke paran/manm fanmi/responsab, Mwen pwomèt m ap bay sipò m nan byenèt pitit mwen(yo), nan bon jan kalite pwogram nan lekòl la e edikatè yo lè m:

- Fikse yon seri objektif ki reyalis pou ede pitit mwen (yo) reyisi ni nan lekòl ni nan lavi a
- Kontinye rete enterese nan tout aspè edikasyon pitit mwen (yo), sa ki gen ladan l fikse limit nan kantite tan y ap pase ak gadjèt elektwonik e veye sou kont yo genyen sou rezo sosyal yo
- Bay bon egzanp pou pitit mwen (yo) suiv nan fason mwen demontre bon karaktè ansanm ak bèl kalite nan fanmi an
- Kenbe bon jan kominikasyon avèk pitit mwen (yo) e manm lekòl la
- Asire m pitit mwen (yo) byen repose e pare pou aprann

Mwen konprann edikasyon jwe yon gwo wòl nan siksè elèv, e mwen pwomèt pou m kolabore avèk lekòl pitit mwen an pou amelyore kapasite pou yo aprann, devlope, e pwospere.

Premye non e Siyati: _____

Non Lekòl la: _____

Non elèv la: _____ Klas: _____

Pou ane lekòl sa a, mwen pwomèt pou m patisipe nan youn (1) nan reyinyon sa yo:

- Konsèy Konsiltatif Title I Distri a (DAC)
- Asosyasyon Paran ak Pwofesè PTA/PTSA
- Konsèy Konsiltatif Title I Paran an (PAC)
- Reyinyon EESAC
- Vizite Sant/Kote Resous pou Paran nan lekòl la
- Vizite sit entènèt lekòl la
- Asiste yon evènman lekòl la òganize
- Ofri tèt ou kòm volontè nan lekòl la
- Reyini avèk Community Involvement Spe / Liaison pou m wè ki jan mwen ka ede nan aktivite lekòl la
- Asiste reyinyon anyèl sou byenfè pwogram Title I Lekòl yo
- Ekri lèt oswa kat pou remèsye pwofesè lekòl pitit mwen an
- Tekste PFE nan 42828 pou w ajoute non w sou lis adrès Title I Parent and Family Engagement
- Lòt: _____

Aprè w fin ranpli fòm nan, remèt li bay _____ anvan 30 Novanm 2022